

Sa Ou Flòch Gen Enpòtans

21 Bagay Ou Pa Dwe janm Flòch nan Twalèt la

- **Ti sèvyèt/ Wayps**
- **Cheve**
- **Pansman**
- **Pwodui netwayaj oswa dezenfektan**
- **Boul koton oswa Aplikatè**
- **Bout sigarèt**
- **Katetè**
- **Fil dantè**
- **Anbalaj**
- **Daypè**
- **Kotèks**
- **Medikaman oswa sipleman**
- **Mouchwa papye pou vizaj**
- **Sèvyèt papye**
- **Bann tès**
- **Chiklèt**
- **Fèy pou seche**
- **Twalèt chat**
- **Egiy ipodèmik**
- **Rès grès manje**
- **Lantiy kontak**

Li se yon Twalèt, Se pa yon Poubèl

Flòch sèlman Pouppou Moun ak Papye Ijyenik

- Ti sèvyèt jetab yo ka bouche tiyo yo menm lè anbalaj fè konnen ke yo ka flòch. Atik sa yo pi pwès pase papye ijyenik yo epi yo fasilman kole nan tiyo ak egou, sa ki lakoz reparasyon plonbri ki koute chè.
- Lwil pou kwit manje ak grès kole nan tiyo yo epi lakoz yo bouche ak pouse tounen sa ki flòch yo. Grès pa fann nan dlo.
- Anpil nan atik ki nan lis la pa nòmalman kraze epi yo ka lakoz blokaj ak salte lakay ou, nan lari yo ak nan izin tretman egou yo.

Kenbe Kay Ou ak Anviwònman An Sante

Pa janm flòch medikaman oswa pwodui chimik

- Medikaman ak pwodui chimik yo, si yo pa jete yo kòmsadwa, ka lakoz danje nan kouran dlo, rivyè, ak lanmè yo.
- Yo pa dwe flòch oswa vide medikaman nan drenaj la. Yo dwe pote yo nan youn nan lokal vil la genyen pou depoze medikaman yo oswa kontakte famasi zòn ou a pou jete yo.
- Pwodwi netwayaj kay oswa dezenfektan ke yo pa bezwen, yo ka pote yo nan pwochen jou koleksyon dechè lakay ki danjere



VIL
CAMBRIDGE

